




Parent Waiver of Direct ESOL Services



Refi Paran pou Sèvis ESOL Dirèk

Lè mwne siyen dokiman sa a, mwen konprann pitit mwen, _____, klas _____ kalifye pou li resevwa sipò lang atravè pwogram ESOL (pou timoun ki pale lòt lang) distrik eskolè a. Detèminasyon sa a te baze sou pèfòmans lang li nan lekti, ekriti, koute ak pale nan tès W-APT oswa ACCESS for ELLs®. Nòt pitit mwen fè endike li ta bon pou li jwenn sipò adisyonèl pou li konprann kourikoulòm nan pi byen epi pou li fè travay li. Mwen konprann ke lè mwne siyen fòm sa a, mwen chwazi derefize sèvis sipò ESOL lekòl la rekòmande pou pitit mwen, epi san enstriksyon ESOL pèfòmans pitit mwen lekòl la gen dwa pa fin kòdyòm.

Mwen konprann yo ofri pwogram ESOL la san paran pa gen anyen pou peye, epi sa pa lakòz yo retire pitit mwen nan anviwònman nòmal klas la. Pwofesè ESOL ak pwofesè klas la travay men nan lamèn pou elabore kourikoulòm klas la epi bay sipò adisyonèl pou timoun yo vin pèfòman annanlè epi jwenn pi bon siksè nan aprantisaj tout matyè.

Mwen konprann tou lwa federal mande pou yo evalye pitit mwen chak ane pou detèmine si li kalifye pou ESOL toujou. Evalyasyon sa a egzijib pou tout elèv ki kalifye, menm si paran yo derefize sèvis, pou verifiye si timoun nan ap fè pwogrè annanlè. Mwen konprann mwen pwal resevwa avètisman chak ane, k ap dim ki nòt pitit mwen fè nan tès ACCESS for ELLs® epi ki estati elijibilite li pou ESOL, jiskaske timoun nan fin aprann anglè nèt, dapre sa evalyasyon an di.

Mwen konprann mwen kapab anile refi sa a nenpòt kilè epi mande pou yo bay pitit mwen sipò nan zafè lang, piske li kalifye pou li. Mwen konprann tou ke refi sa a valid pou ane eskolè sa a sèlman, epi si mwen ta vle derefize sèvis yo ankò pou ane apre a, mwen dwe ranpli yon lòt fòm Refi Paran pou Sèvis ESOL Dirèk.

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Siyati Pwofesè ESOL

Dat

Siyati Administratè

Dat